



Dokiman Rezime Avantaj yo ak Kouvèti a (Summary of Benefits and Coverage, SBC) pral ede w chwazi yon [plan](#) sante. SBC montre w kijan ou menm ak [plan](#) an ka pataje frè sèvis swen sante ki kouvri yo. **SONJE: Enfòmasyon konsènan frè [plan](#) sa a (yo rele [prim](#)), y ap bay yo yon fason separe. Sa a se sèlman yon rezime. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoteksyon ou an, oswa pou jwenn yon kopi sou kondisyon konplè Kouvèti a, ale sou entènèt sou www.cigna.com/sp. Pou definisyon jeneral tèm ki komen yo, tankou [montan otorize](#), [faktirasyon balans](#), [ko-asirans](#), [kopeman](#), [franchiz](#), [pwofesyonèl swen sante](#), oswa lòt tèm ki [souliyen](#) yo, gade nan Glosè a. Ou kapab konsilte Glosè a sou <https://www.healthcare.gov/sbc-glossary> oswa rele 1-800-Cigna24 pou mande yon kopi.**

Kesyon Enpòtan	Repons	Poukisa Sa a Enpòtan:
Kisa franchiz global la ye?	Pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a: \$2,000/endividyèl oswa \$6,000/fanmi Pou pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a: \$5,000/endividyèl oswa \$10,000/fanmi	Anjeneral, ou dwe peye tout frè pwofesyonèl swen sante yo jiska montan franchiz la anvan plan sa a kòmanse peye. Si ou genyen lòt manm fanmi w nan plan an, chak manm fanmi an dwe atenn pwòp franchiz endividyèl pa yo jiskaske montan total pou depans franchiz tout manm fanmi an peye a satisfè montan franchiz global fanmi an.
Èske gen sèvis ki kouvri anvan ou atenn franchiz ou a?	Wi. Medikaman sou preskripsyon , Nan rezo a swen prevantif ak vaksinasyon, vizit nan biwo, nan rezo swen dijans vizit nan etablisman.	Plan sa a kouvri kèk atik ak sèvis menm si ou poko atenn montan franchiz la. Men ou ka gen pou peye yon kopeman oswa ko-asirans . Pa egzanp, plan sa a kouvri sèten sèvis prevantif san pataj frè ak anvan ou atenn franchiz ou a. konsilte lis sèvis prevantif ki kouvri sou https://www.healthcare.gov/coverage/preventive-care-benefits/ la
Èske gen lòt franchiz pou sèvis espesifik?	Non.	Ou pa bezwen atenn franchiz yo pou sèvis espesifik yo.
Ki montan limit lajan ki soti nan pòch la ye pou plan sa a?	Pou pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a: \$6,500 chak moun oswa \$13,000 pou chak fami Pou pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a: \$10,000 pou chak moun oswa \$20,000 pou chak fanmi Limit konbine lajan ki soti nan pòch pou swen medikal/ konpòtmantal ak famasi	Limit lajan ki soti nan pòch la se montan ki pi plis ou ta ka peye nan yon lane pou sèvis ki kouvri. Si ou gen lòt manm fanmi ki nan plan sa a, yo dwe atenn pwòp limit lajan ki soti nan pòch yo a jiskaske tout fanmi an atenn limit lajan ki soti nan pòch .
Kisa ki pa enkli nan limit lajan ki soti nan pòch la?	Penalite paske w pa mande otorizasyon davans pou sèvis, prim , frè pou balans verifikasyon yo, ak swen sante plan sa a pa kouvri.	Menmsi ou peye depans sa yo, yo pa konte pou limit lajan ki soti nan pòch la.

Kesyon Enpòtan	Repons	Poukisa Sa a Enpòtan:
Èske w ap peye mwens si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a?	Wi. Ale sou www.cigna.com oswa rele 1-800-Cigna24 pou w jwenn yon lis pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a.	Plan sa a itilize yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a. W ap peye mwens si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ki nan rezon plan an. W ap peye pi gwo montan an si w itilize yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a, epi yon pwofesyonèl swen sante gendwa voye yon bòdwo ba ou pou diferans ant frè pwofesyonèl swen sante a ak sa plan w lan peye a (balans faktirasyon). Ou dwe konnen ke pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a gendwa itilize yon pwofesyonèl swen sante ki andeyò rezo a pou kèk sèvis (tankou analiz nan laboratwa). Verifye ak pwofesyonèl swen sante w la avan ou resevwa sèvis yo.
Èske w bezwen yon referans pou wè yon espesyalis ?	Non.	Ou ka wè espesyalis ou chwazi a san ou pa bezwen yon referans .



Tout depans [kopeman](#) ak [ko-asirans](#) nou montre nan tablo sa a aplike apre ou te fin satisfè [franchiz](#) ou a, si yon [franchiz](#) aplikab.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Pa Nan Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Siw vizite biwo oswa klinik yon pwofesyonèl swen sante	Vizit premye swen pou trete yon blesi oswa yon maladi	\$40 kopeman /vizit Franchiz la pa aplikab	50% ko-asirans	Okenn
	Vizit kay espesyalis	\$80 kopeman /vizit Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans	Okenn
	Swen prevantif/ tès depistaj/ vaksinasyon	Pa gen frè Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans	Ou ka oblije peye pou sèvis ki pa prevantif. Mande pwofesyonèl swen sante w la si sèvis ou bezwen yo se sèvis prevantif. Apresa verifye kisa plan w lan ap peye.
Si ou gen yon tès	Tès dyagnostik (radyografi, analiz san)	20% ko-asirans	50% ko-asirans	Okenn
	Imajri (eskanè CT/PET, MRI)	\$400 kopeman pou chak tip eskanè/jou Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Pa Nan Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Si ou bezwen medikaman pou trete maladi oswa kondisyon ou an Gen plis enfòmasyon ki disponib konsènan pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon nan www.cigna.com	Medikaman jenerik (Nivo 1)	\$15 kopeman /preskripsyon (vant an detay pou 30 jou), \$38 kopeman /preskripsyon (vant an detay ak livrezon adomisil pou 90 jou) Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans /preskripsyon (vant an detay) Pa Kouvri (livrezon lakay ou) Franchiz pa aplikab	Pwoteksyon an limite jiska yon apwovizyonman pou 90 jou (detay ak livrezon lakay); jiska yon apwovizyonman 30 jou (detay ak livrezon lakay) pou medikaman Espesyal . Gen kèk limit ki ka aplike, tankou, pa egzanp: otorizasyon davans, terapi pa etap, limit sou kantite. Pou medikaman ki nan Pwogram Asirans Pasyan Cigna a, ou ka peye mwens pase montan pataj frè pou vant an detay oswa livrezon lakay ou. Nan rezo a, y ap bay medikaman prevantif obligatwa Federal la gratis.
	Medikaman mak ou pi pito (Nivo 2)	\$50 kopeman /preskripsyon (vant an detay pou 30 jou), \$125 kopeman /preskripsyon (vant an detay ak livrezon adomisil pou 90 jou) Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans /preskripsyon (vant an detay) Pa Kouvri (livrezon lakay ou) Franchiz pa aplikab	
	Medikaman mak ou pa pi pito (Nivo 3)	\$95 kopeman /preskripsyon (vant an detay pou 30 jou), \$238 kopeman /preskripsyon (vant an detay ak livrezon adomisil pou 90 jou) Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans /preskripsyon (vant an detay) Pa Kouvri (livrezon lakay ou) Franchiz pa aplikab	
	Medikaman espesyalize (Nivo 4)	\$150 kòm kopeman /preskripsyon (andetay ak livrezon adomisil pandan 30 jou) Franchiz pa aplike	50% ko-asirans /preskripsyon (vant an detay) Pa Kouvri (livrezon lakay ou) Franchiz pa aplikab	
Nan ka operasyon pou pasyan ekstèn	Frè etablisman (pa egzanp, sant operasyon pou pasyan ekstèn)	20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a.
	Frè pou doktè/chirijyen	20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a.
Si w bezwen swen medikal imedya	Swen nan sal dijans	\$300 kopeman /vizit, plis 20% ko-asirans	\$300 kopeman /vizit, plis 20% ko-asirans	Kopeman pou chak vizit yo anile si w entène. Yo peye sèvis ki pa nan rezo a nan pataj frè nan rezo a ak pou franchiz .
	Transpò medikal ki ijan	20% ko-asirans	20% ko-asirans	Nan rezo a, yo peye sèvis anbilans ayeryen ki pa nan rezo a. Pataj frè ak franchiz .
	Swen dijans	\$100 kopeman /vizit Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans	Okenn

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Pa Nan Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Si w etène lopital	Frè etablisman (pa egzanp, chanm lopital)	\$250 kopeman /ospitalizasyon, plis 20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a.
	Frè pou doktè/chirijyen	20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a.
Si w bezwen sèvis sante mantal, sante konpòtmantal, oswa sèvis pou abi sibstans	Sèvis pou pasyan ekstèn	\$40 kopeman /vizit nan klinik** Pa gen frè/tout lòt sèvis yo ** Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans /vizit nan klinik 50% ko-asirans /tout lòt sèvis yo	50% penalite si pa gen okenn presètifika pou sèvis ki pa woutin ki andeyò rezo a (sa vle di, ospitalizasyon pasyèl, elatriye). Genyen sèvis medikal pou dyagnostik MH/SA.
	Sèvis pou pasyan ki entène	\$250 kopeman /ospitalizasyon, plis 20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a. Li gen ladan sèvis medikal pou dyagnostik MH/SA.
Si w ansent	Vizit nan klinik	20% ko-asirans	50% ko-asirans	Nivo avantaj pou Swen Prensipal oswa pou Espesyalis aplike pou premye vizit pou konfime gwosès la. Pataj frè pa aplike pou sèvis prevantif . Toudepann de kalite sèvis la, yon kopeman , ko-asirans oswa franchiz ka aplikab. Swen matènite ka gen ladan tès ak sèvis ki dekri yon lòt kote nan SBC a (sa vle di, sonografi).
	Akouchman/Sèvis pwofesyonèl pou akouchman	20% ko-asirans	50% ko-asirans	
	Akouchman/Sèvis etablisman pou akouchman	\$250 kopeman /ospitalizasyon, plis 20% ko-asirans	50% ko-asirans	
Si w bezwen èd pou w refè oswa si w gen lòt bezwen sante espesyal	Swen sante nan kay	20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a. Pwoteksyon an limite jiska 60 jou maksimòm chak ane. 16 èdtan maksimòm pa jou (Limit lan pa aplikab pou kondisyon sante mantal ak twoub akòz itilizasyon sibstans.)

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Pa Nan Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
	Sèvis reyadaptasyon	\$40 kopeman /vizit kay Doktè Swen Prensipal** ** Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans /vizit PCP 50% ko-asirans /Vizit kay espesyalis	\$50 penalite paske w pa t resevwa presètifikasyon pou sèvis terapi lapawòl ki pa nan rezo a. Pataj frè pou PCP aplike pou Swen Kiwopraktik Pwoteksyon an limite nan maksimòm chak ane pou: 60 jou pou sèvis Reyabilitasyon ; 36 jou pou sèvis reyabilitasyon Kadyak; 60 jou pou sèvis swen Kiwopratik. Limit yo pa aplikab pou pwoblèm sante mantal pou Terapi Fizik, Lapawòl ak Terapi Okipasyonèl.
	Sèvis abilitasyon	\$40 kopeman /vizit kay Doktè Swen Prensipal** ** Franchiz pa aplikab	50% ko-asirans /vizit PCP 50% ko-asirans /Vizit kay espesyalis	\$50 penalite paske w pa t resevwa presètifikasyon pou sèvis terapi lapawòl ki pa nan rezo a. Sèvis yo kouvri lè sa Nesesè sou Pwen Medikal pou trete yon pwoblèm sante mantal (egzanp otis) oswa yon anomali konjenital. Limit yo pa aplikab pou pwoblèm sante mantal pou Terapi Fizik, Lapawòl ak Terapi Okipasyonèl.
	Swen enfimye kalifye	20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a. Pwoteksyon an limite jiska 60 jou maksimòm chak ane.
	Ekipman medikal dirab	20% ko-asirans	50% ko-asirans	50% penalite pou okenn presètifikasyon ki pa nan rezo a.
	Sèvis swen ospis	20% ko-asirans /sèvis pou pasyan ki entène 20% ko-asirans /sèvis pou pasyan ekstèn	50% ko-asirans /sèvis pou pasyan ki entène 50% ko-asirans /sèvis pou pasyan ekstèn	\$50 penalite paske w pa t resevwa presètifikasyon pou sèvis nan ospis pou pasyan ki entène ki andeyò rezo a.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou Ka Bezwen	Sa W Pral Peye		Limit, Eksepsyon, & Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Pwofesyonèl Swen Sante Ki Nan Rezo a (W ap peye pi piti montan an)	Pwofesyonèl Swen Sante Ki Pa Nan Rezo a (W ap peye pi gwo montan an)	
Si pitit ou bezwen swen dantè oswa swen vizyon	Egzamen je pou timoun	Pa kouvri	Pa kouvri	Okenn
	Linèt pou timoun	Pa kouvri	Pa kouvri	Okenn
	Egzamen dantè pou timoun	Pa kouvri	Pa kouvri	Okenn

Sèvis Ki Ekskli ak Lòt Sèvis Ki Kouvri:

Sèvis Plan W lan PA Kouvri Anjeneral (Verifye polis asirans ou an oswa dokiman plan w lan pou jwenn plis enfòmasyon ak yon lis pou nenpòt lòt sèvis ki ekskli yo .)			
- Operasyon baryatrik - Chiriji estetik - Swen dantè (Granmoun) - Swen dantè (Timoun)	- Swen pou je (Timoun) - Swen alontèm - Swen ki pa swen dijans lè w ap vwayaje andeyò peyi Etazini. - Swen enfimye prive	- Swen woutin pou je (Granmoun) - Swen woutin pou pye - Pwogram pou pèdi pwa	

Lòt Sèvis ki Kouvri (Yo ka aplike limit nan sèvis sa yo. Lis sa a pa konplè. Tanpri konsilte dokiman plan w lan.)		
- Akiponkti (10 jou) - swen kiwopratik(60 jou)	Aparèy pou tande (2 aparèy chak 24 mwa)	Tretman kont enfètilite

Dwa Ou pou Kontinye Jwi Pwoteksyon an:

Gen ajans ki ka ede si ou vle kontinye Kouvèti ou an apre li fini. Enfòmasyon pou kontakte ajans sa yo se: Cigna nan 1--800-Cigna24, Biwo pou Règlemantasyon Asirans nan Iowa (Iowa Insurance Division) nan 877-955-1212 ak Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye nan Depatman Travay (Department of Labor's Employee Benefits Security Administration) nan 1-866-444-EBSA (3272) oswa www.dol.gov/ebsa/healthreform. Ka gen lòt opsyon pwoteksyon ki gendwa disponib pou ou tou, ki gen ladan opsyon pou w achte pwoteksyon asirans endividyèl atravè [Mache Asirans Sante](#) a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou [Mache](#) a, ale sou www.HealthCare.gov oswa rele 1-800-318-2596.

Dwa pou Ou Fè Doleyan ak Kontestasyon:

Gen ajans ki kapab ede ou si ou genyen yon plent kont [plan](#) w lan poutèt yo refize yon [reklamasyon](#). Plent sa a rele yon [doleyan](#) oswa [kontestasyon](#). Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou genyen yo, gade eksplikasyon sou avantaj w ap resevwa pou [reklamasyon](#) medikal sa. Dokiman [plan](#) w lan ap ba w enfòmasyon konplè tou sou kijan pou w soumèt yon [reklamasyon](#), [kontestasyon](#) oswa yon [doleyan](#) pou nenpòt rezon bay [plan](#) w lan. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa w, avi sa a, oswa asistans, kontakte: Sèvis Kliyantèl Cigna nan 1-800-Cigna24. Epitou, ou kapab kontakte Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye nan Depatman Travay la nan 1-866-444-EBSA (3272) oswa www.dol.gov/ebsa/healthreform oswa Biwo pou Règlemantasyon Asirans nan Iowa (Iowa Insurance Division) nan 1-877-955-1212.

Èske plan sa a ofri Kouvèti Esansyèl Minimòm? Wi.

[Pwoteksyon Esansyèl Minimòm](#) an jeneral gen ladan [plan](#) yo, [asirans sante](#) ki disponib sou [Mache](#) a oswa lòt politik endividyèl nan mache yo, Medicare, Medicaid, CHIP, TRICARE, ak sèten lòt pwoteksyon. Si w kalifye pou sèten kalite [Pwoteksyon Esansyèl Minimòm](#), ou ka pa kalifye pou [kredi taks sou prim](#).

Èske plan sa a respekte Nòm Valè Minimòm yo? Wi.

Si [plan](#) w lan pa respekte [Nòm Valè Minimòm](#) nan, ou kapab kalifye pou yon [kredi taks sou prim](#) pou ede w peye yon [plan](#) atravè [Mache](#) a.

Sèvis pou Aksè Lengwistik:

Spanish (Español): Para obtener asistencia en Español, llame al 1-800-244-6224.

Tagalog (Tagalog): Kung kailangan ninyo ang tulong sa Tagalog tumawag sa 1-800-244-6224.

Chinese (中文): 如果需要中文的帮助, 请拨打这个号码 1-800-244-6224.

Navajo (Dine): Dinekehgo shika at'ohwol ninisingo, kwijigo holne' 1-800-244-6224.

Pou wè egzanp sou kijan [plan](#) sa a ka kouvri frè pou yon modèl sityasyon medikal, gade pwochen seksyon an.

Konsènan sou Egzanp Kouvèti sa yo:



Sa a se pa yon estimatè frè. Tretman nou montre yo se jis egzanp yo ye sou kijan [plan](#) sa a ta ka kouvri swen medikal yo. Frè aktyèl ou yo ap diferan toudepan swen aktyèl w ap resevwa a, pri [pwofesyonèl swen sante](#) w yo frè w peye yo, ak anpil lòt faktè. Konsantre sou montan [pataj frè](#) yo ([franchiz](#), [kopeman](#) ak [ko-asirans](#)) ak [sèvis ki ekskli](#) selon [plan](#) an. Itilize enfòmasyon sa yo pou konpare pòsyon frè ou ta ka peye selon diferan [plan](#) sante. Tanpri sonje egzanp pwoteksyon sa yo baze sou Kouvèti pèsonèl sèlman.

Peg pral Fè yon Tibebe (9 mwa swen prenatal nan rezo ak yon akouchman nan lopital)	
■ Franchiz global plan an	\$2,000
■ Kopeman espesyalis	\$80
■ Ko-asirans lopital (etablisman)	20%
■ Lòt ko-asirans	20%
Evènman EGZANP sa a gen ladan sèvis tankou: Vizit nan biwo Espesyalis (swen prenatal) Sèvis Pwofesyonèl pou Nesans Timoun/Akouchman Sèvis Etablisman pou Nesans Timoun/Akouchman Tès dyagnostik (ekografi ak analiz san) Vizit kay Espesyalis (anestezi)	
Frè Total Egzanp lan	\$12,700
Nan egzanp sa a, Peg ta ka peye:	
Pataj Frè	
Franchiz	\$2,000
Kopeman	\$300
Ko-asirans	\$2,100
Sa ki pa kouvri	
Limit oswa eksklizyon	\$20
Total Peg ta ka peye se	\$4,420

Jesyon Dyabèt Tip 2 Joe a (yon lane swen woutin nan rezo a pou yon pwoblèm sante ki byen kontwole)	
■ Franchiz global plan an	\$2,000
■ Kopeman espesyalis	\$80
■ Ko-asirans lopital (etablisman)	20%
■ Lòt ko-asirans	20%
Evènman EGZANP sa a gen ladan sèvis tankou: Vizit nan klinik Doktè swen prensipal (ki gen ladan ransèyman sou maladi) Tès dyagnostik (analiz san) Medikaman sou preskripsyon Ekipman medikal dirab (aparèy pou mezire nivo sik nan san)	
Frè Total Egzanp lan	\$5,600
Nan egzanp sa a, Joe ta ka peye:	
Pataj Frè	
Franchiz	\$120
Kopeman	\$1,000
Ko-asirans	\$0
Sa ki pa kouvri	
Limit oswa eksklizyon	\$40
Total Joe ta ka peye se	\$1,160

Frakti senp Mia a (vizit nan sal dijans nan rezo a ak swen suivi)	
■ Franchiz global plan an	\$2,000
■ Kopeman espesyalis	\$80
■ Ko-asirans lopital (etablisman)	20%
■ Lòt ko-asirans	20%
Evènman EGZANP sa a gen ladan sèvis tankou: Swen nan sal dijans (sa gen ladan ekipman medikal) Tès dyagnostik (radyografi) Ekipman medikal dirab (beki) Sèvis reyadaptasyon (fizyo-terapi)	
Frè Total Egzanp lan	\$2,800
Nan egzanp sa a, Mia ta ka peye:	
Pataj Frè	
Franchiz	\$1,630
Kopeman	\$700
Ko-asirans	\$0
Sa ki pa kouvri	
Limit oswa eksklizyon	\$0
Total Mia ta ka peye se	\$2,330

[Plan](#) an ta ka responsab pou lòt frè pou EGZANP sèvis ki kouvri sa yo.

Non Plan an: PPO \$2,000 Ben Ver: 30 Idantifyan Plan an: 36785448 HP-POL/HP-APP 9/23/12

NOU KITE PAJ SA A BLANCH TOUTEKSPRE

Diskriminasyon kont lalwa.

Pwoteksyon medikal

Cigna Healthcare konfòme li ak lwa federal konsènan dwa sivil ki aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap oswa sèks. Cigna Healthcare pa ekskli moun ni trete yo yon fason diferan akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks.

Cigna Healthcare:

- Ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike byen avèk nou, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòm (gran lèt, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm)
- Ofri sèvis lengwistik gratis pou moun ki pa pale Anglè byen, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte sèvis kliyan an nan nimewo gratis ki parèt sou kat idantifikasyon (ID) w la, epi mande yon Asosye Sèvis Kliyan an èd.



Se filyal operasyonèl The Cigna Group, ki gen ladan Cigna Health and Life Insurance Company, Connecticut General Life Insurance Company, Evernorth Behavioral Health, Inc., Evernorth Care Solutions, Inc. ak HMO oswa filyal konpayi sèvis Cigna Health Corporation, ki gen ladan Cigna HealthCare of Arizona, Inc., Cigna HealthCare of California, Inc., Cigna HealthCare of Colorado, Inc., Cigna HealthCare of Connecticut, Inc., Cigna HealthCare of Florida, Inc., Cigna HealthCare of Georgia, Inc., Cigna HealthCare of Illinois, Inc., Cigna HealthCare of Indiana, Inc., Cigna HealthCare of St. Louis, Inc., Cigna HealthCare of North Carolina, Inc., Cigna HealthCare of New Jersey, Inc., Cigna HealthCare of South Carolina, Inc., Cigna HealthCare of Tennessee, Inc., ak Cigna HealthCare of Texas, Inc. ki bay defason eskizif pwodui ak sèvis Cigna Healthcare yo, oswa se atravè konpayi sa yo pwodui ak sèvis Cigna Healthcare yo disponib. ATTENTION: Si w pale lòt lang ki pa Anglè, sèvis èd gratis pou lang yo disponib pou ou. Pou kliyan Cigna aktyèl yo, rele nimewo ki sou do kat idantifikasyon (ID) w la. Sinon, rele 1.800.244.6224 (TTY: Dial 711). ATENCION: Si usted habla un idioma que no sea inglés, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Si es un cliente actual de Cigna, llame al número que figura en el reverso de su tarjeta de identificación. Si no lo es, llame al 1.800.244.6224 (los usuarios de TTY deben llamar al 711).

Si ou kwè Cigna Healthcare te echwe nan bay sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, ou ka depoze yon plent lè w voye yon imèl bay **ACAGrievance@Cigna.com** oswa lè w ekri yon lèt ke w voye nan adrès sa a:

Cigna Healthcare

Nondiscrimination Complaint Coordinator
P.O. Box 188016
Chattanooga, TN 37422

Si w bezwen èd pou depoze yon plent alekri, tanpri rele nimewo ki sou do kat idantifikasyon (ID) w la oswa voye yon imèl bay **ACAGrievance@Cigna.com**. Epitou ou ka depoze yon plent konsènan dwa sivil nan U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights pa mwayen elektwonik atravè Pòtay Plent Biwo pou Dwa Sivil la, ki disponib nan **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services 200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201
1.800.368.1019, 800.537.7697 (TDD)

Fòm pou pote plent yo disponib nan
<https://www.hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/complaintprocess/index.html>

Proficiency of Language Assistance Services

English – ATTENTION: Language assistance services, free of charge, are available to you. For current Cigna Healthcare customers, call the number on the back of your ID card. Otherwise, call 1.800.244.6224 (TTY: Dial 711).

Spanish – ATENCIÓN: Hay servicios de asistencia de idiomas, sin cargo, a su disposición. Si es un cliente actual de Cigna Healthcare, llame al número que figura en el reverso de su tarjeta de identificación. Si no lo es, llame al 1.800.244.6224 (los usuarios de TTY deben llamar al 711).

Chinese – 注意：我們可為您免費提供語言協助服務。對於 Cigna Healthcare 的現有客戶，請致電您的 ID 卡背面的號碼。其他客戶請致電 1.800.244.6224（聽障專線：請撥 711）。

Vietnamese – XIN LƯU Ý: Quý vị được cấp dịch vụ trợ giúp về ngôn ngữ miễn phí. Dành cho khách hàng hiện tại của Cigna Healthcare, vui lòng gọi số ở mặt sau thẻ Hội viên. Các trường hợp khác xin gọi số 1.800.244.6224 (TTY: Quay số 711).

Korean – 주의: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 현재 Cigna Healthcare 가입자님들께서는 ID 카드 뒷면에 있는 전화번호로 연락해주시요. 기타 다른 경우에는 1.800.244.6224 (TTY: 다이얼 711)번으로 전화해주시요.

Tagalog – PAUNAWA: Makakakuha ka ng mga serbisyo sa tulong sa wika nang libre. Para sa mga kasalukuyang customer ng Cigna Healthcare, tawagan ang numero sa likuran ng iyong ID card. O kaya, tumawag sa 1.800.244.6224 (TTY: I-dial ang 711).

Russian – ВНИМАНИЕ: вам могут предоставить бесплатные услуги перевода. Если вы уже участвуете в плане Cigna Healthcare, позвоните по номеру, указанному на обратной стороне вашей идентификационной карточки участника плана. Если вы не являетесь участником одного из наших планов, позвоните по номеру 1.800.244.6224 (TTY: 711).

Arabic – برجاء الانتباه خدمات الترجمة المجانية متاحة لكم. لعملاء Cigna Healthcare الحاليين برجاء الاتصال بالرقم المدون علي ظهر بطاقتكم الشخصية. او اتصل ب 1.800.244.6224 (TTY: اتصل ب 711).

French Creole – ATANSYON: Gen sèvis èd nan lang ki disponib gratis pou ou. Pou kliyan Cigna Healthcare yo, rele nimewo ki dèyè kat ID ou. Sinon, rele nimewo 1.800.244.6224 (TTY: Rele 711).

French – ATTENTION: Des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Si vous êtes un client actuel de Cigna Healthcare, veuillez appeler le numéro indiqué au verso de votre carte d'identité. Sinon, veuillez appeler le numéro 1.800.244.6224 (ATS : composez le numéro 711).

Portuguese – ATENÇÃO: Tem ao seu dispor serviços de assistência linguística, totalmente gratuitos. Para clientes Cigna Healthcare atuais, ligue para o número que se encontra no verso do seu cartão de identificação. Caso contrário, ligue para 1.800.244.6224 (Dispositivos TTY: marque 711).

Polish – UWAGA: w celu skorzystania z dostępnej, bezpłatnej pomocy językowej, obecni klienci firmy Cigna Healthcare mogą dzwonić pod numer podany na odwrocie karty identyfikacyjnej. Wszystkie inne osoby prosimy o skorzystanie z numeru 1 800 244 6224 (TTY: wybierz 711).

Japanese – 注意事項：日本語を話される場合、無料の言語支援サービスをご利用いただけます。現在のCigna Healthcareのお客様は、IDカード裏面の電話番号まで、お電話にてご連絡ください。その他の方は、1.800.244.6224（TTY: 711）まで、お電話にてご連絡ください。

Italian – ATTENZIONE: Sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Per i clienti Cigna Healthcare attuali, chiamare il numero sul retro della tessera di identificazione. In caso contrario, chiamare il numero 1.800.244.6224 (utenti TTY: chiamare il numero 711).

German – ACHTUNG: Die Leistungen der Sprachunterstützung stehen Ihnen kostenlos zur Verfügung. Wenn Sie gegenwärtiger Cigna Healthcare-Kunde sind, rufen Sie bitte die Nummer auf der Rückseite Ihrer Krankenversicherungskarte an. Andernfalls rufen Sie 1.800.244.6224 an (TTY: Wählen Sie 711).

Persian (Farsi) – توجه: خدمات کمک زبانی، به صورت رایگان به شما ارائه می شود. برای مشتریان فعلی Cigna Healthcare، لطفاً با شماره ای که در پشت کارت شناسایی شماست تماس بگیرید. در غیر اینصورت با شماره 1.800.244.6224 تماس بگیرید (شماره تلفن ویژه ناشنوايان: شماره 711 را شمار هگیری کنید).